Соколёнок

2/2023
март – апрель

# Лачен

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХІУКУМАТАЛЪ КІИГО МОЦІИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ





# ГЬАНЖЕ ХIАЛХЬУН КЬИЖА, ХIИКМАТАВ ШАГIИР!

Исана 21 февралалда Ахираталъул Рокъове ана гъунар тIокIав шагIир, ракI лъикIав инсан, магIарул мацIги, халкъги, магIаруллъиги хирияв, унго-унгояв магIарулав. Исана гьесул гIумруялъул тIубалаан 67 сон. Мунагьал чураги МухIамад АхIмадовасул.

Гъуниб районалъул Гьонода росдал гьоркьохъеб школа лъугIун хадуб, Москваялъул М.Горькиясул цIаралда бугеб Литературияб институтги лъикIал къиматазда лъугIизабуна МухIамадица. ЦIалулев вукIаго, студентазул агитбригадаги гIуцIун гьев щвана Севернияб флоталда бугеб Поволжьеялдеги Германиялъул Лейпцигалдеги.

Институт лъугIун хадув хIалтIана Дагъистаналъул тIахьазул издательствалда, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул Правлениялъул оргсекретарьлъун, Литературиял журналазул жавабияв секретарьлъун, Авар секциялъул нухмалъулевлъун, «РитIухъаб пикру» абураб регионалияб газеталъул бетIерав редакторлъун.

2004 соналъ гьев вищана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул Правлениялъул Председательлъун. СССРалъул Хъвадарухъабазул союзалде гьев восана 1984 соналъ.

КучIдул хъвазе байбихьана школалда цIалулеб мехалъго. Гьесул тIоцересел кучIдул рахъана Гъуниб районалъул «ЦIияб канлъи» газеталда, «БагIараб байрахъ» республикаялъулаб газеталда, «Гъудуллъи» альманахалда ва хадубккун Москваялда «ГIолохъаназул гьаракь», «Тверской бульвар, 25», «Литературная учеба» журналазда.

М. АхIмадовасул «Сардил кагътал» абураб тIоцебесеб тIехь къватIибе бачIана 1979 соналъ Дагъистаналъул тIахьазул издательствалда. Гьелда хадубги шагIирасул гIемерал тIахьал рахъана авар, гIурус ва гIемерал къватIисел пачалихъазулги мацIазда. МухIамадица лъималазеги хъвалаан кучIдул. Гьел нижеца «Лачен» журналалдаги рахъана.

2005 соналъ М.АхIмадовасе кьуна «Дагъистан Республикаялъул халкъияв шагIир» абураб хIурматияб цIар. Гьесие щвана пачалихъиялги жамгIиялги рикIкIен гIемерал шапакъатал.

Жеги гIемерал асарал хъвазе букIараб анищ, ракIалдаго букIинчIеб хехаб унтиялъ гьоркьоб къотIизабуна халкъияв шагIирасул. Гьес жинцаго абухъе, **«Гьонода зонода бикIана гьесул цIар ва зонода тIаде къулун буго ватIаналъул зоб».**

ХIалхьун кьижа, хIикматав шагIир, АхIмадил МухIамад!

МОЙ ДАГЕСТАН 100 НАШ РАСУЛ
1923-2023

# Расул ХIамзатовас 100 сон тIубаялде

## С ундулъго мисалияв

Гьеб букIана 2014 сон. Гъизилюрталъул ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб №8 школалъул цIалдохъан Мурадисинов ГIусман рикIкIунаан лъималазул цевехъанлъун. Васас хIаракат бахъулаан цIалулъги, гIаданлъиялъул ишазулъги кьерилаздаса тIокIлъи бихьизабизе, гьездаса живго цеве ккезе, цогидазе кивго мисалияв васлъун живго вихьизавизе. Кидаго гуроха ГIусман гьединав вукIарав. Васасул гIамал-хасият лъикIаб рахъалдехун хисиялъе мисаллъунги сабаблъунги лъугьана гьадинаб иш.

Школалда рагьараб «ЦIадаса ХIамзатил музеялъул» нухмалъулей Зайнаб Идрисовна гIемер унаан музеялъул къваригIелал тIуразе Дагъистаналъул халкъияв поэт, дунялалдаго цIар рагIарав Расул ХIамзатовасухъе. Зайнаб Идрисовна ккола ГIусманил кIодо-эбел. Гьединлъидал Зайнаб Идрисовналъ рокъоб гIемер бицунаан Расулил гIакъиллъиялъулги, гьесул кIодолъиялъулги, гьес тIаде рачIарал гьалбадерил гьабулеб адабалъулги. Гьел харбазухъ кIваркьун гIенеккулаан гьитIинав ГIусманги.



Цо нухалъ ГIусманица кIодо-эбелалда гьарана гьаб нухалда Расул ХIамзатов вихьизе живги вачейин.

– Дица мун цадахъ вачина, амма Расулихъе щварал лъималаз лъикIаб гуреб иш гьабизе бегьулароха, гьев кIудияв инсангун дандчIваралдаса, досул квер босаралдаса нахъе, – ян ялагьана Зайнаб Идрисовна васасухъ.

– Дуца малъухъе гьабила, кинабго квешлъи квер хъвагIун тела, лъикIабщинаб босила, иманалда хъвадила, Зайнаб-баба, дуца дир мурад тIубазабуни, – ян, кIудияв чияс гIадин, гIакъилаб жаваб кьуна ГIусманица.

… ТIубана ГIусманил анищ. Гьале гьев Зайнаб-бабагун Расул ХIамзатовасухъ гьоболлъухъ. Хъвадарухъабазул союзалдегицин гурелха, кIудияв шагIирас гьел хириял, цIакъго къиматал гьалбал гIадин, жиндирго рокъоре ахIун руго.

Дол соназда гIицIго цо Расул ХIамзатовасул гурони букIинчIо кIудияб кIалгIа, я МахIачхъалаялда яги Дагъистаналда. ГьитIинав ГIусман тамашалъун вукIана поэтасул гьоболрукъалъул борхалъиялдагун гIатIилъиялда. Гьев хаган хутIана Китаялъулги Индиялъулги тIагIелаз къачIарал къадалги, гьениб гвангъараб цIа жаниб гьелегьунеб гьанситоги бихьун. Амма бищунго вас асир гьавуна дунялалда машгьурлъи щварав шагIирасул гIадатлъиги, гьесул гIаданлъиги, гьалбадеридехун бугеб адабги бихьараб мехалъ.

Жеги ГIусманил рекIелъ хутIун буго «Дир гьудул ГIусмание лъикIабщинабги гьарун» абун тIадги хъван, Расулица тIехь сайигъат гьабидал лъугьараб, лъугIи гьечIеб рохалил асар.

Гьеле гьеб къоялдаса нахъе батIияв, мисалияв вас лъугьана ГIусманил. Цо нухалдагIаги Расул ХIамзатовасул квер босарав васас квешал ишал гьаризе бегьулареблъи лъала гьесда.

«Дие битIккана. Цо нухалда гуро ниж кIодо-эбел Зайнаб Идрисовнагун Расул ХIамзатовасухъе гьоболлъухъ ун рукIарал. Дица гьев рикIкIунаан дирго дахIададалъун. Гьединавлъун хутIунги вуго дир рекIелъ кIудияв инсан ва кIудияв поэт Расул ХIамзатович ХIамзатов» – ан абула гьанжеги ГIусманица.

Гьанже ГIусман Мурадисинов Дагъистаналъул пачалихъияб тIадегIанаб цIалул идара лъугIулев гIолохъанчи кола. Гьес кIвараб хIаракат бахъун кумек гьабула «ЦIадаса ХIамзатил музеялда» хIалтIулей кIодо-эбел Зайнаб Идрисовналъе экспонатал ралагьизеги, гьалбал къабул гьаризеги, киналго цогидал ишазулъги. Гьалбалин абуни, музеялда кидаго гIадин рукIуна. Хасго цIалдохъаби гIемер щола гьенире.





Мухlамад Гунащев

# Дуниял сверулеб сариназул нух



Дуниял сверулеб сариназул нух,
Сапаралъ дун ваче дур сверабазда.
Сверухъ улкабазде угьараб хIухьел,
ХIасраталъул цIа кье ЦIадасезул дий.

ЦIалун рахъунарел дур къисабазул
Къиматаб цо мухъ кье дий сайигъатлъун,
Сверулел чIоларел дур «къункърабазул»
Къадруяб хIули кье хIасрат цIунизе.

ХIикматалъул ахикь дуца гIадинаб
Дийги бокьилаан цо гIеч хIанчIизе.
ХIежалъул ракьалда ханасул гьундухъ
«Абги дир как бугин» цо кечI щуризе.

Аваристан тIубан бихьичIев дие,
Гьанже гIорхъи тезе виза лъеларо.
Лъебелазул рохьахъ чан гьабичIев дун,
Чияр улкабазде гьанже щвеларо.

Амма букIаниги анищ холаро,
Адабияталъул къатIра къулчIизе.
Къудратав Аллагьас жиндийго тараб
Аб Дагъистаналъул дагьаб бакI лъазе.

Дунял сверун бугеб сариназул нух
Саназул гъат бахъе гьаб дир бадиса.
Гьал гIазул мугIрузда гIакълу цIехезе
ЦIиял гIолилазда цо-цо кIалъазе.

# Мегеж



Хиялазул корохъ, кучIдузул цIадухъ,
Дица дирго рукьби роркьулел руго.
Анищазул канлъухъ, киридал печихъ
Кун тIурал маххаллъун пикраби руго.

Цо тIогьол гIурдаллъи, гIурччинлъараб ах,
Ахикь булбул хIанчIил хIасраталъул кечI.
Ахда цебе бугеб борхатаб мегIер
Риидал гIазу бан, гIонсолъ хутIараб.

Бакъ багIаранагIан цинги гьеб мугIрул
МагIил иххал руго эхей чвахулел,
Чиясда гIазул тIанкI тIад чIун бихьичIеб,
ТIатараб хIикмат щиб гьаб роол гIужалъ?

Гьединан бихьана доб цо риидал,
ГIазухъахIаб мегеж Дагъистаналда,
Дунял тун хирияй ПатIимат индал,
Дунялалъул шагIир ХIамзатовасда.

ХIасратаб каранзул кочIол гучаб гIор
КIиго рикьиялде бикьун чвахана –
Рокьул кучIдул ана магIитIа росун,
МагIил мухъал ана рокьи цIунизе.

ГIидра тIогьолъ бугеб, тIогь гIаздалъ бугеб,
ТIолго дуняллада лъалеб цо мегIер,
МугIрул улкаялъул календаралъе
Кидаго хутIараб цо хъахIаб мегеж.



РахIмат Гишиева

# Гьудуллъиялъул адабияталдаса

**(Адигеязул хъвадарухъан)**

Фатима матIуялда цее чIун йикIана. Гьелъ ретIун букIана эбелалъул гурдеги угъдул рорхатал хьиталги. Машгьурай артисталъул сураталдеги ялагьун, гьелъулго гIадин бер-кIал къачIазе, щиб-щибниги бахине бокьун букIана гьелъие.

Азбаралда гьелда цо сас рагIулеб букIана. ЛъикI гIенеккидал гьелда бичIчIана гургуралъеги тIанчIазеги кваназе бокьун букIин. Агъалда кIетIолеб халатаб гурдеги цояб хъатикье бакIарун, гьей азбаралде ана. Хъатинибе ролъул мугъалги росун гьелъ «гур-гур-гур» – илан ахIана. Гургуралъул тIанчIи цадахъго рекерун рачIана ва гьелъул хъатинисан кваназе лъугьана.

«Гур-гур-гурги» бачунаго гургурги бачIана гьездаго хадуб.

Фатимаца бетIер тIаде борхидал, гьелда бихьана гьезда тIад сверулеб хъарччигъа. ГьебсагIат тIанчIазда тIад речIчIизе ишан босараб гIадин, гьеб тIаса-гIодобе бортун бачIунеб бихьидал, гургуралъул тIанчIи Фатимал гIатIидаб гурдил квенчIалида гъоркь



рахчана. Гьезул эбел додинго жиндирго мацIалда ахIдолеб букIана. Фатимаца берал къанщана ва жиндирго бетIер кверaз бахчана. Амма гьебсагIатго гьелъ берал рагьана. Хъарччигъа цин гьаваялде боржун унаан, цинги, рехараб гамачI бортулеб гIадин, гIодобеги бачIун, гургуралда тIад речIчIизе лъугьунаан. Гьелъги данде къеркьон ва ахIдон, жиндирго тIанчIи хвасар гьаризе яхI бахъулеб букIана.

Цо лахIзаталде сверухъ сас къотIана. Эхеде ялагьидал, Фатимада гьаваялда цо чIегIераб тIанкI гIадаб жо бихьи гурони, хъарчигъа батIа бахъизе лъалеб букIинчIо. Гьей гьаюгьинан тIаде яхъана ва гьелъул гурдида гъоркьан гургуралъул тIанчIи жидирго эбелалъухъе рекерана.

– Фатима, дир гурде щай дуца ретIараб?! ТIаса бахъе хехго! – ян ахIана азбаралде лъугьун ячIуней эбелалъ.

Фатимае бокьун букIана ккара-таралъул бицине, амма гьей гьимана ва екерун рокъоеги ун эбелалъул гурде тIаса бахъана.

Гьелъ хIукму гьабуна метерги гьадабго гурдеги ретIун, гIисинал ва загIипал гургуралъул тIанчIи хъарччигъаялдаса хвасар гьаризе. Щиб лъалеб, «чанахъан» нахъеги тIанчIазде чан къазе бачIине бегьулелъул.



Лида Евкурова

# ЦІе кІанцІаралъусан буртІги кІанцІулеб

(Ингушазул хъвадарухъан)



МугІрул росулъ гІумру гьабулев цо чиясе чанаве хьвадизе бокьулаанила. Гьес гІемерисеб мехалъ бидул цІурал хъапазда жанирги лъун чІварал чундул рачІунаанила рокъоре. Гьеб рекІее гІолароанила цІанавехьасе. Цо нухалъ цІанавехьасда вихьанила гьадав чанахъан чІобогояб хъапги босун, къулун гІодовегун магІардаса гІодове вачІунев. Гьелдаса вохарав вехьас ахІанила:

– Гьаб нухалъ мун цІакъго хехго нахъвуссанагури, чан щвечІеб къагІидаха дуе?

– Киданиги тІокІалъ чанаве ине гьечІо дун.

– Дица дуде кидаго гІайиб гьабулаан гьел гьайбатал рухІчІаголъабазде квер



борхунилан. ГІалхуда бугеб хІайван хъизам-лъимал ракъун, гьелде хІажалъун гьечІони, чІвазе изну гьечІо чиясе.

– Дица рукъ бакъун букІиндал гуребха чан гьабулеб букІараб, кигІанго чанил гьан тІагІамабги пайдаябги букІаниги.

– Щайха гьедин батани, чІорогоял квералгун мун нахъвуссарав. Кинаб гІиллаха ккараб дуца хадубккун чан гьабунгутІиялъе?

– Радал дида бихьана кьурулъ чанго гІалхул цІцІе. Гьел парсахъан эхеде рахунел рукІана гІурччинаб хер гьарзаяб бакІалде. Дица ишан ккуна бищунго кІудияб цІеялде ва речІчІана гьелда гулла. Гьеб кІкІалахъе бортун ана. Гьелдаго хадуб кІанцІун ана гьелъул бурутІги ва гьебги хвана кІкІалал тІиндаги речІчІун.

– Вай, вай, вай! КигІан кІудияб мунагьха дуца тІаде босараб! Дуда рагІичІогойищ букІараб халкъалъ абулеб: «ЦІе кІанцІаралъусан бурутІги кІанцІула» абун. Дуда бихьичІогойищ букІараб эбелалда аскІоб бугеб бурутІ.

– Дида гьеб халлъун букІинчІо, – ян пашманго абуна чанахъанас. – ТІокІалъ дуда бихьизе гьечІо дун чанаве унев.

Гьелдаса нахъе унго-унголъунги лъиданиги вихьичІо гьев чанахъан рохьове унев.

Дун гьитІинаб мехалъго чІахІияз бицунеб рагІун букІана дида, гІалхул хІайваназ чІвазе бегьуларин, дур гьелде хІажалъи ккун гьечІони, ай вакъун хвеялъул хІинкъи гьечІони. Хасго чІвазе бегьуларила чанил дегІенги кьурул цІцІеги. Аби буго, гьез инсанас хІетІе чІараб бакІалдаса хергицин кваналарилан.



Ибрагьим Ибрагьимов

# ГIабдурахIман-кIудил дарс

**(Даргиязул хъвадарухъан)**



Школалдаса щванщинахъе Мурадихъ балагьун чIун ватулаан кIудада. Гьев гIадада тира-сверизе инчIого хутIизе щиб бугониги хIалтIи гьабизе тIамулаан. Гьаб нухалъги ахIана кIудадаца Мурад жиндихъего.

– Мурад, бицея, чан сон дур кколебали?

– ИчIго сон, – илан абуна Мурадица.

– Гьеб лъикI буго. Мун гьанже кIудияв гIун вуго. Дие бокьун буго дуе цо дарс кьезе. Рази вугищ?

– Кинаб дарс, кIудада? Дарсал учительзабаз гурищ кьолел?

– Дун учитель гурониги, дарс кьезе лъала дида.

– ЛъикI буго.

– Гьедин батани, вилъа дида цадахъ.

КIудадаца чол бокьоса босун бачIана белги чIартилъ жемараб жоги. Гьебги Мурадихъе кьун, квералги мугъзада нахъе ккун, гьавугьинан цеве-цеве вилъана.

Мурадги гьесда хадув вилъана.

Гьеб букIана цудунаб ихдалил гIуж. ТIабигIат гьанжего-гьанже макьидаса борчIулеб букIана. КIкIалхъитIазда харил мацIал загьирлъулел рукIана, гъутIбузда букIдул цIубалел рихьулаан.

КIудадаги Мурадги мугIрул лабаллъиялде рахана. Свакарав кIудада

хераб генугъотIокь гIодов чIана. Мурад гьесда аскIов лъалхъана.

– Гьаб гъветI бокьанищ дуе? – ян абуна гьес, тIогъроца надалда бараб гIетIги бицIунаго, янгъизаб гьеб гъотIол каралъе берги щвезабулаго.

– Нилъер рохьор гIемер гьечIищха, кIудада, генугъутIби.

– Гьи-гьай, дир вас, гьаб гIадатияб рохьигъветI гуребха. Гьаб буго дир гъветI. Чан сон гьалъул батилилан дуда ракIалде кколеб?

– Щибха лъалеб, кIудада.

– Дида лъала. Дица гьеб гъветI чIана гьанже мун гIанасев дунго вугеб мехалъ. Ункъого сооналдасаги цIикIкIун заман бан букIине ккола гьелъ. РакIалда буго гьаб чIанкIаб бакълъи. Цо гъветIгIаги чIезе ккелин гьанибилан ккана дида ракIалде. Гьанже балагьеха мунго, гьеб эхеде борхалъун бугеб куц бихьизе!

– Дида лъалеб букIинчIоха, кIудада. Щибаб соналъул хаслихъе нижеца тIаргъал цIезарулаан гьоцIогIан гьуинаб генул.

– Гьеб лъикI бугоха. ГъотIоца чиясе пайда кьола. Заман щвана дуеги, дунялалда щибгIаги лъикIлъиялъул лъалкI тезе, – янги абун, кIудадаца чIартилъ жемараб гьитIинабго гъветI къватIибе бахъана. Цинги гьес Мурадида бихьизабуна кибехун гьеб гъветI чIун лъикIали.

КватIичIого хераб генугъотIода аскIоб гIун бачIине лъугьана гIолохъанаб цIулакьодул гъветI.

– Гьанже гьаб янгъизго хутIун гьечIо. Гьурал рахъараб рахъараб мехалъ гара-чIваризе аскIоб цоги гъветIги щвана гьалъие.

– КIудада, гьутIбигийищ цоцазда кIалъалел?

– Гьайгьай, кинабго тIабигIатги рухIчIаголъиги цоцазда кIалъала. Амма чиясда гьезул мацI бичIчIуларо.

Рокъоре тIад руссунаго Мурад лъалхъана:

– КIудада, дуца дурго рагIи кквечIоха.

– Кинаб рагIи дица ккевчIеб?

– Дие дарс кьелилан вукIанагури мун. КIочон тараб къагIида...

ГIабдурахIман-кIуди гьимана ва гьес абуна:

– Бихьулеб буго мун лъикI цIалулев гьечIевлъи. Нахъехун валагьея цо, бихьулищ дурго цIулакьодул гъветI? Гьеле дуе дир дарс!

Мурадица мукIурлъун бетIер гIодобе къулана.





ГIалихIажи МухIамадов

# Их бачIана



Их бачIана, их бачIана,
Бакъул чIорал расандана,
ТIел-тIел гьабун югалдаса
Ихгун хIанчIи тIадруссана.

Их бачIана, бакъ гвангъана,
Милъирщаби чIирчIидана.
Дир рукъалъул къадалъ чIалукь
Бусен буго гьез сокIкIунеб.

Их бачIана, бакъ гвангъана,
Милъирщабаз, цоцалъ къец бан,
Квасквасул хIулаби, хапун,
Дир кодоса хъамун ана.

Их бачIана, бакъ гвангъана,
ГIазу биун, лъарал щвана,
ГIурдада бачал-кьагIигун
ГIисинлъимал расандана.

Их бачIана, бакъ гвангъана,
ГIурччинхарил махI бахъана,
ГъотIол тIогьиб тIанхалъ бахчун
Гагу буго ахIи балеб.

Их бачIана, бакъ гвангъана,
Магъилъ, хурир, бакI-бакIазда,
Ихдалил хIалтIабазде ран
Рихьула росдал гIадамал...



# МахигъутIби

ХъахIал махигъутIбуз их бачIарабго,
ГIурччинал тIанхазул тIимугъ ретIана,
Хинал улкабазда хасел тIамурал
ХIанчIчIаз тIанхалъль рештIун бакънал рачана.

ГIурда гIурччинхарда гIисинал кьагIи,
ГIодоб хIетI хъвачIого кьурдулел руго,
Кьурабалъль мокъокъаз бачунеб къвакъвай
Къойил лъималазда рагIулеб буго.

Гъежда пуруцги лъун, оцал хадур цIан,
Херав хур бекьизе къокъунев вуго.
Ахикь газа-белгун росдал гIадамал,
Ихдалил хIалтIуде тIаделъун руго.

Дир рукъалъул чIалукь бусен сокIкIизе,
Свак тун милъирщаби роржунел руго.
ЛъикI щвараб ихилан тIохдеги вахун,
Бакъуй салам кьолев кIудада вуго.



# Дир гьитIинай ясалде

Мун риидал рогьалилъ
Бакъ гIадинан яккана,
Бакъ баккигун, гIурдада
ТIегь кинигин, кунчIана.

МугIрул щобазул гIанса,
ГIурулъ меседил ччугIа,
ГохIазда басандулеб
Гьайбатаб чанил бурутI.

Ахикь гъотIода рештIун,
Бакънал рачунеб булбул,
Бакълъабазда къвакъвалеб
ХIатIал багIараб мокъокъ.

Ихдал харда кьурдулеб
Расал меседил кьегIер,
Кьурде бахун ахIдолеб
Гьаракь берцинаб гагу.

ГьитIинай Марзиятий
Бежун гурга кье, эбел.
Кьун квергун, гьай тиризе
Цадахъ яче, Маидат.

Екерун иццухъе ун,
ЦIун гIеретI босила гьалъ.
Радал цIумур кьабигун
Школалалде ина гьай.

Лъиего мисалияй
ЦIалдохъан йикIана гьай,
Меседил кверал ругей
Тохтир яхъина гьалъул.



# Рухlчlагоялъабазул дуниялалда

## ХЪАХIАЛ ХIУНКЪБИ

ХIанкъва ккола берцинаб хIинчI. Гьелъ берцин гьабула бокьараб хIорги, гIорги – кинабниги жибго рештIараб бакI. Гьезда хадуб халккун ругони рекIее хIикматаб асар гьабичIого толаро. Европаялдаго гьел ккола бищунго чIахIиял лъедолел хIанчIилъун. Гьезул борхалъи I20-I80 см бахуна, цIайи – I0-I5 кг, гьелъул куркьбазул гIеблъи – 2 бащалъула.

ХIанкъа цIакъ цояб цоялъе ритIухъаб, рекIкI гьечIеблъун рикIкIуна. Жиндир гIумруялъул гьудул хвани гьеб киназдасаго батIа-тIун, жибго жиндаго чIун гIумру тIамулеб букIуна. Цо-цо мехалъ, гьеб камиялъул рухIел бакIлъараб хIанкъва борхалъудасан жибго жинцаго гIодобе бортизеги биччан холиланги бицуна. Гьезул кьер бараб буго жидецаго гIумру гьабулеб бакIалда. ЮгалдегIан къараб бакIалда ругел хIункъбузул кьер хъахIаб букIуна, Россиялъул ракьалдаги гьединалго хъахIал хIункъби дадчIвала. Австралиялъул континенталдайин абуни гьезул кьер чIегIераб букIуна. ХIанкъил тIинчI цIахIилабгунбагIрагьинаб кьер жубараб букIуна. КIудияб гIолаго хисун уна гьелъул хIулидул кьер. Гьез гIумру гьабула 25-35 соналде щвезегIан. ХIункъбузул тIелазул цебехъанлъун букIуна бищунго къуватаб ва цIодораб гIадаб. Гьелъул кумекалдалъун кинабго тIелалъе тIаде хIинкъи бачIунеб букIин, цIодорлъизе кколеблъи лъазабула.

ХIанкъва боржуна цо сагIаталде 80 км манзилги нахъа тун. МугIрузда тIасан роржунаго 8-азарго километралъги борхалъуде рахуна гьел.

Москваялъул зоопаркалдаги Горьковасул паркалдаги нужее рес букIуна рехсей гьабулел хIункъби рихьизе. Гьениб ахIи балеб хIанкъваги батула.

Сибиралъул цIоройги хIехьон гьенирги, Каспий, ЧIегIеррад гIадал ва цогидалги ралъадазда хасел тIамула гьез.

Чукоткаялда хIункъбузул кIиго заказник буго. Гьенир тIанчIиги рахъун, Алтаялда гIадамазда гIагарлъухъеги рачIуна гьел.

ХIанкъица кIудияб бусен гьабула хьуцIилъ бижулеб чIахI-херги бакIарун.









Гьениб тIибитIула хIулиги хадур гьарула ханалги. ТIанчIи рахъун хадуб гьел хьихьула лъагIелгIан заманалъ. Жидеде чан гьабизе хIадурал гьабиги хIинкъизарун, тIанчIиги цIунула гьез. Эбелалъул мугъзаде рахунги рукIуна гьезул гIисинал тIанчIи.

КIудиял гIурал тIанчIи гьез жидедасаго ратIа гьарун, рикIкIадегIан чIезарула ва жалго жидаго чIун гIумру гьабизе тола.

Аслияб къагIидаялъ гьез кванала лъадалъ рукIунел рухIчIаголъаби: гIисинал ччугIби, къуркъби, хIупрул, цо-цо мехалъ гIурдада бижараб цIихерги бетIула гьез.

Сасараб, гIодобиччараб ахIвал-хIал бугони, рачIги хьвагIезабун, гьелдалъун разилъи загьир гьабула гьел хIанчIаз.

Рокъор хьихьулел хъазазул гIалхуда бугеб гIагарлъилъунги рикIкIуна хIункъби. Амма гьезул гарбалги черхги хъазаздаса борхатаб букIуна.

ХIорил рагIалде рачIун гIадамаз балеб квенги кванала гьез, амма тIанчIазда квер бахъизе лъугьани, хIанчIизе рортула эбелабги эменабги хIанкъва.

ГурхIел-рахIму бугев, жидеего хIинкъи гьечIев инсанасулгун гьудуллъиги ккола гьез. ЧIахIиял хIоразул рагIаллъабаздегIан ругел дачабаздеги рачIун, жидерго тIанчIи-хъизангун гьенирги чIола гьел. ЛъикIаб тIалабагъаз бугев чи гьев ватани, гьесулгун гьудуллъиялда, гьес кьураб квенги кванан, рукъалъул хIанчIигIанги ругьунлъунги ккола гьел.

Кир ругониги, жалго ругеб бакI берцин гьабулел, гьайбатал хIанчIи ккола хIункъби.

НасихIат МухIамадова

# Дир учительница



*(Залму Биясланонвналде)*

**Дир учительница,**
**ТIоцее лъарай,**
**ТIанкI лъезе малъарай,**
**ХIарпал малъарай,**
**ХIисабалъул дарсал**
**Дурус гьарурай.**

**Дир гIанчIлъи бичIчIарай,**
**Гогьлъи хIехьарай,**
**ХIал чорхолъаги кьун**
**Нухда йитIарай.**

**Дие школалда**
**Эбел хисарай,**
**Хасият куцазе**
**ГIакълу малъарай,**
**Къойил йиихьанагIан**
**Дий хиралъарай.**

**Биччанте тIегьазе**
**ТIегь гIадин дур ракI,**
**ТIолго дур сверухълъи**
**БукIине берцин.**
**Биччанте йокьизе**
**Мун лъималазе,**
**Лъар гIадин чвахизе**
**Рохел каранде.**

# Дир васасде



Аллагьас дий кьурав ГӀабдулагьиде
ГӀащикъал бераца балагьула дун,
Бабайин гьурмада гьес хъвалеб кверальъ
Эбелалъул хинлъи цӀехола дица.
Бадир ралагьарал гьесул беразулъ
Эбелалъул гьими бихьула дида.

Гьев къварилъилилан кинидул рущен,
Бухьине кӀоларо тӀаде хӀал биччан.
ХӀеренав васасул макьие гӀоло
Макьу гьечӀел сардал рогьуна дица.

ГӀабдулагь, дир хӀухьел, дир кьабулеб ракӀ,
Кьеларо бабаца мун лъиениги,
Дир вас, дир рекӀел нур, каранзул хӀасрат,
Кидаго дудаса тӀун чӀеларо дун.

Мун гӀодани – гӀодун, вакъани – якъун,
Дур къаданиб лъела бахӀараб гӀумру.
Мун вохани йохун, чӀухӀани – чӀухӀун,
ЧӀела дуе эбел къолден, хеч гӀадин.





# Дир Дагъистан

Дагъистан гIемерал кучIдулъ рехсана,
Кибго гьеб лъалареб цо тIанкI хутIичIо.
Амма дир Дагъистан дир макьабазулъ
Доб цебесеб буго – багьа кIудияб.

Долго мугIрул руго, дол гIорал руго,
ГIисинал, чIахIиял кьураби руго.
Добго кьвари буго, добго кечI буго,
Дол умумул гьечIо цере рукIарал.

Добго тарих буго цебе букIараб,
Нагагь нилъ хисани, хвалчен бахъулеб,
Долго лъалкIал руго лъеца чуричIел,
Нагагь нух къосани, къахIан бох кколел.

Дир ВатIан Дагъистан, дун – магIарулай,
Гьаб цIарул борхалъи хвезе кин толеб.
Дун – къадру биличIеб наслуялъул яс,
КъуличIо Дагъистан, къулиларо дун.

# Маргьабазул дунялалда

# Машаги циги

(ГӀурусазул халкъияб маргъу)



РукӀанила, рукӀинчӀила кӀудадаги кӀодоэбелги. Гьезул Маша абун ясакӀоги йикӀанила.

Цо нухалда гьудулзабазда ракӀалде кканила гӀурдахӀанал ракӀаризе рохьоре ине. Гьел рачӀанила Машенькаги цадахъ ячине.

– КӀудада, кӀодоэбел, дунги йиччаларищ гьудулзабазда цадахъ рохьое? – ян абунила Машенькаца.

– Йиччала, амма гьудулзабаздаса ятӀалъизе чӀоге, нух къосун, йилизе бегьула, – ян абунила кӀудадаца ва кӀодоэбелалъ.

Щванила ясал рохьоре. ГӀурдахӀаналги гӀисинпихъги бакӀаризе лъугьанила. Цо гъветӀ тун, цогидаб гъветӀ тун, хъарахъ тун, гьудулзабаздаса рикӀкӀаде щун ятанила Машенька.

– Ле, гьай! Ясал! – ан ахӀдезе лъугьанила гьей гьалмагъзабазде, амма гьезда Машенькал гьаракь рагӀулеб букӀинчӀила, гьей гьездаса цӀакъго рикӀкӀада йикӀанила.

Уней, уней йикӀана Машенька рохьоса цее ва тӀубанго нух къосанила. Рохьил рикӀкӀалъуде, къватӀибе нух бахъизе захӀматаб жаниблъиялде щванила гьей. Балагьанила, бихьанила цо гьитӀинаб рукъ. КӀутӀанила Машаца нуцӀида – жаваб кьечӀила. Тунканила нуцӀа – гьеб рагьун анила. Лъугьанила Машенька рокъое жание. ГӀодой чӀанила горда цее. Ургъанила: «Щивдай гьанив гӀумру гьабулев вугев? Щай щивго вихьулев гьечӀев?..»

Гьеб гьитIинаб рокъоб абуни гIумру гьабулеб букIанила кIудияб цица. Амма гьеб рокъоб букIинчIила: рохьобе тирасверизе ун букIанила.

Къасиялде ци рокъобе бачIанила. Йихьанила гьелда Машенька ва боханила.

– Агьа, гьанже дица мун киего йиччаларо! – ян абунила цица. – Дир гьаниб дида цадахъ гIумру гьабилеб дуца. ЦIаги бакилеб, кашаги гьабилеб, дунги кваназабилеб дуца.

Пашманлъанила Машенька, къварилъанила, амма гьабизе кIолеб жоги букIинчIила.

Циялда цадахъ гьелъул рокъоб гIумру гьабулей йикIанила.

Жибго рохьобе тиризе унелъул, цица Машада жиб цадахъ гьечIого рокъоса къватIие унгеян лъазабунила.

– Мун къватIие ани, дица мун кквезе йиго ва кваназе йиго, – ян абулаанила цица.

Киндай гьениса лъутилаян ургъанила Машенька. Киса-кибего бугеб рохьги, рохьоб лъалареб нухги ва лъида цIехелебалиги лъалареб...

Ургъулей йикIанила гьей, ургъулей йикIанила ва ургъанила.

Цо нухалда ци рокъобе бачIиндал Машенькаца абунила:

– Ци ва ци, цохIо къоялъ йиччай дун кIудадаеги кIодоэбелалъеги сайгъатайги росун?

– Йиччаларо. Дуда рохьоб нух къосуна. Дунго ина гьезие сайгъат босун, – илан абунила цица.

Машенькаеги гьебха бокьун букIараб жо.

Режанила Машенькаца пирожкаби, босанила цебе сумалоги ва абунила цида:

– Гьале, балагье: гьаб сумалоялда жанир руго пирожкаби, цинги гьел дуца щвезаре дир кIудадахъеги кIодоэбелалъухъеги. Дуца нухда сумало рагьуге ва пирожкаби кванаге. Дун гъотIодеги яхун, ялагьун йикIине йиго дуда хадуй.

– ЛъикI буго. Кье дихъе сумало, – ян абунила цица.

– ЦIад балеб бугищали къватIибе балагьизе а мун! – ан абунила Машенькаца цида.

Ци къватIибе арабго, сумалоялда жание лъугьанила Машенька, пирожкаби лъураб гъадароги жиндирго бетIералда тIад лъунила.

БачIанила ци, бихьанила сумало. Мугъзада гьебги лъун, билълъанила росулъе.

НакIкIигъутIбузда гьоркьосан, махилгъутIбузда гьоркьосан, цин гIодобе, цин тIаде бахун унеб букIанила ци.

Анила, анила, сваканила ва абунила:

– ХIохьода гIодоб чIела,

Пирожкаби кванала!

Сумалоялда жанисан Машенькацаги абунила:

– Бихьула, бихьула!

ГIодоб чIоге хIохьода,



Кванаге пирожкаби,
Босе кIудадахъе,
Босе кIодоэбелалъухъе!

– Унго, бихьулищ цо беразул чIахIалъи, кинабго бихьула буго! – ян абунила цица.

Борханила мугъзаде сумалоги билълъанила цебе.

Билълъанила, билълъанила, лъалхъанила, гIодоб чIанила ва абунила:

– ХIохьода гIодоб чIела!
Пирожкаби кванала!

Машенькаца сумалоялда жанисан нахъойги абунила:

– Бихьулеб буго, бихьулеб буго!
ГIодоб чIоге хIохьода,
Кванаге пирожкаби!
Босе кIудадахъе,
Босе кIодоэбелалъухъе!

ГIажаиблъанила ци:

– Балагье цо сихIирлъи! Борхалъудеги яхун, рикIкIаде ялагьун йиго.

ТIаде бахъанила ци, билълъанила хехго цебе.

Щванила росулъе. Батанила кIудадалги кIодоэбелалъулги рукъ. КIутIанила бугеб хIалалъ кавуялда:

– Рагье каву! РичIе нуцIа! Дица нужее Машенькал сайгъат бачIун буго.

Гъабзазда цидул махI чIванила ва гьелда тIад речIчIанила. Киналго азбараздаса гьаби хIапдезе лъугьанила циде.

ХIинкъанила ци, кавуялда цебе сумалоги лъун, лъутанила гьениса рохьобе.

Каву рагьун къватIире рачIанила кIудадаги кIодоэбелги. Бихьанила – сумало бугила гьениб цебе лъун.

– Щибдай гьаб сумалоялда жаниб бугеб? – ан абунила кIодоэбелалъ.

Сумалодул тIалъел рагьанила кIудадаца, балагьанила, божичIила жиндирго беразда: гьелда жаний гIодой чIун йигила Машенька, сах-саламатгоги чIагоги.

Роханила кIудадаги кIодоэбелги. Хурханила Машенькада, вай нижер цIодориланги абун.

*Буссинабуна*
*ПатIимат ГIадбурахIмановалъ.*



## Владимир Степанов

# ГIеч



ГъотIодаса бортараб
ГIеч тIурана, тириго,
Кинандай гьеб тIурана,
Гьелъул хIатIалги гьечIин?
Гьайгьай,  гьеб гIужрукъалъул
Мугъзада рекIун ана.



# КIкIуй

КIудица печь боркьула,
КIкIуй хIинчI гIадин боржуна,
ГIагараб росдада тIад,
Свери бахъун, жендула.
Лъол меседил цIвабзахъе
ХъахIаб кIкIуй ххарун уна.



# Щурункъверкъ

Цо рукъ буго къватIахъан,
КIкIалахъан къокъун унеб,
Гьелда гъоркь ункъо хIетIе –
БукIун буго щурункъверкъ.



# Ордек

– МегIер тIогьилаб ордек,
Дуе цо суал буго:
ХIорил тIинда хъирщадун,
Щиб дуца балагьулеб?
– Щибго гуро, гьал дирго
Куркьбал хулулеб буго.



# РицIцIигъветI

РицIцIигъветI хIортIе къулун,
ХIикмалъана жиндаго:
– Унго, цо дир берцинлъи!
Гъалал халат, кар гIурччин!

# Гендерил школалде гьоболлъухъ щведал


















БитIун Генуб росдал школалде щолаго, сверудасан данде ваккун вавчIана гьитIинав васги тIад рекIараб кIарчамабго рилълъадул чу. Лъайхъвай гьабидал, гьев ватана ункъабилеб классалда цIалулев ГъазимухIамад ГIабдулаев. Инсуца гьесиеги гьесул вацазеги чотIахъабилъун ругъун гьаризе жалго гIадал, гIисинаб тайпаялъул чуял росун ругиланги бицана.

Ниж кIалъа-басалел рукIаго, ГъазимухIамад тохлъукьего чоца гъоркье рехана. Гьесие кумекалъеян дун екерулаго, вахъун, чода хадув гьевги векерун ана. Дур бох тунканилан ккола, унтулеб батилилан абидал, щибго унтулеб бакI гьечIиланги абуна гьес. Гьев тирияв, таваккалав васас «Лачен» журнал цIалулищали лъазе бокьана дие. Гьайгьай, цIалулин жавабги кьуна гьес. «Мун унго-унгояв лаченги игитги кколев вугиланги абун, дица гьесие журналалги сайгъат гьаруна...

Школалде щведал, бихьана гьенибго гIуцIун бугеб Лъималазул творчествалъул рукъги, ясаз жидерго кверааз гьабураб батIи-батIияб къайи-цIаги, бихьана цIализе гуребги, кверзул махщалидеги гьезул бугеб гъираги. Гьеб гуребги, гендерил школалъул цIалдохъабаз исана «Лачен» хъваялъул къецалда тIоцебесеб бакIги босана. Байбихьул классазул завуч ва гьезул мугIалим Марьям Каримовналъул хIаракаталдалъун къокъаб заманалда нусгогIан журнал хъвана!

ХIалчIахъаги, цIодорал, бегIераб лъаялъул лъималазулги гьезие тарбия-лъай кьолел киналго учительзабазулги!



***

ХIаракатай мугIалим Асият МухIамадовналъул нухмалъиялда, гьебго школалъул микьабилеб «б» классалъул цIалдохъан ГIабдулаева Рабиятие, «Расул ХIамзатовасул творчествалда Дагъистаналъул халкъазул культураги гIадаталги рихьизариялъул республикаялъулаб даражаялъул олимпиадаялда» тIоцебесеб бакI щвана. Баркула Рабиятидаги бергьенлъи!








## ЖИЙГО ГЬИТIИН, ГЬУНАРКIЮДО

***

Бабаюрт районалъул Ибрагьимотар росдал «Лачен» ясли-ахалъул гьитIинай вакил Пейзулаева Фатимаеги ТУО-ялъул садиказда гьоркьоб тIобитIараб къецалда Расул ХIамзатовасул «Эбелалъ дир кинидахъ кучIдул ахIичIелани» абураб кечI рекIехъе цIалун тIоцебесеб бакI щвана. «Лачен» журналалъул редакциялъул рахъалъ «Лачен» лъималазул ахалъ хIадурарай Фатимадаги баркулеб буго бергьенлъи. ХIалчIахъаги, цIодорай яс!




***Буйнакск шагьаралъул Академическияб лицеялъул цIалдохъаби – шагьаралдаги республикаялдаги тIоритIарал авар мацIалъул ва адабияталъул муниципалиял олимпиадабазда бергьенлъи босарал:***



*Гъазиева ПатIимат Ибрагьимовна, гьебго лицеялъул авар мацIалъулги адабияталъулги мугIалим.*



*Месед МухIамадова, 11 кл. Шагьаралда 1 бакI, республикаялда 3 бакI.*



*ГIабдулаева Аминат, 11 кл. Авар мацIалъе 1 бакI.*



*КъурамухIамадова Хадижат, 8 кл. Авар адабияталъе 1 бакI.*



*ИбрагьимхIажиев Ислам, 9 кл. Авар мацIалъе 1 бакI, авар адабияталъе 2 бакI.*



*ГIабдуразакъов МухIамад, 10 кл. Авар адабият, 1 бакI.*



*АхIмалмухIамадов ГIумар, 11 кл. Авар адабияталъе 3 бакI.*



*ХIажиева ПатIимат, 7 кл. Авар мацIалъе 2 бакI.*

Соколёнок

ISSN№0203 – 3682

# Лачен

2/2023

март – апрель

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Агентство информации и печати
Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. Ахмедов
М. Магомедов
К. Магомедов
А. Малачиева **(редактор выпуска)**
М. Абдулхалимов

**Художественный редактор** З. Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталлибов
**На обложке –** рисунок Игоря Тимофеева.

Формат 60х84 $^1/_8$. Бумага офсетная.
Уч.-изд. л. 3,09. Усл. печ. л. 3,26.
Физ. печ. л. 3,50.
Подписано в печать 06.04.2023 г.
Выход в свет 15.04.2023 г.
Тираж 995 экз. Заказ №1371.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан».
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год – 63277,
на полугодие – ПМ999.

Цена свободная.